**दिन—रविवार** **दिनांक—02.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह वित्त मंत्री सम्राट चौधरी आइ विधानसभा मे वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस—छब्बीसक बजट प्रस्तुत कयलनि। एहि बेर बजटक आकार लगभग तीन लाख सत्रह हजार करोड़ टाका अछि। श्री चौधरी कहलनि जे पछिला वित्तीय वर्षक तुलना मे अड़तीस हजार करोड़ टाका बेसी अछि। बजट प्रस्तुत करैत श्री चौधरी कहलनि जे राज्य सरकार वित्तीय प्रबंधन के निर्धारित मानक के दायरा मे राखलक अछि। जाहि सँ वित्तीय अनुशासन बनल रहय। ओ कहलनि जे राजकोषीय घाटा के तीन प्रतिशत पर बनौने राखबाक प्रयास कयल गेल अछि। श्री चौधरी कहलनि अछि जे शिक्षा,स्वास्थ्य आ आधारभूत संरचना के क्षेत्र पर विशेष ध्यान देल गेल अछि। वित्तमंत्री कहलनि जे बजट मे सभ सँ बेसी साठि हजार करोड़ टाका के आवंटन शिक्षा विभागक लेल कयल गेल अछि। वित्तमंत्री बजट प्रस्तुत करैत समाजक विभिन्न वर्गक लेल बावन नव घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे सरकार कृषि क्षेत्र मे सभ सँ बेसी ध्यान दऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे आब राज्यक किसान लोकनि सँ राहड़ि, खेरहि आ उडीदक दालि न्यूनतम समर्थन मूल्य पर कीनल जायत।

—————————————————————

बजट मे एकैस कृषि बजार उत्पादन समिति के लेल एक हजार दू सय नवासी करोड़ टाका के आवंटन कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे शेष सत्रह बजार उत्पादन समिति के सेहो शीध्रहिं क्रियाशील कयल जायत। वित्तमंत्री कहलनि जे किसान लोकनिक आमदनी मे वृद्धि करबाक लेल बिहार खाद्य प्रसंस्करण नीति दू हजार पच्चीस आनल जायत। समस्तीपुर के पूसा मे गुड़ के लेल सेंटर ऑफ एक्सिलेंस के स्थापना होयत। बजट मे महिला लोकनिक लेल कतेको घोषणा कयल गेल अछि। वित्तमंत्री कहलनि जे रोड़ आ ट्रॅासपोर्ट कॉरपोरेशन मे महिला लोकनि के नोकरी मे तैंतीस प्रतिशत के आरक्षण देल जायत। महिला लोकनि के ई—रिक्शा आ दूपहिया वाहन कीनबाक लेल अनुदान भेटत। एकर अलावे पैघ शहर मे पिंक बस

सेवा के शुरूआत कयल जायत। जाहि मे मात्र महिला लोकनि यात्रा कऽ सकतीह। एहि बसक संचालन सेहो महिला द्वारा होयत। प्रमुख शहर सभ मे महिला लोकनिक लेल ड्राईविंग सेंटर खुजत जाहि मे ट्रेनर सेहो महिला हेतीह। वित्तमंत्री पंचायत स्तर पर गरीब कन्या विवाह मंडप बनाओल जायबाक घोषणा कयलनि। वित्तमंत्री कहलनि जे राज्य मे निजी मेडिकल कॉलेज खोलबाक संगहिं पब्लिक प्राईवेट पार्टनरशिप, पीपीपी मोड मे सरकारी मेडिकाल कॉलेज खोलल जायत। ओ बेगूसराय मे कैंसर अस्पताल खोलल जायबाक घोषणा कयलनि।

—————————————————

वित्तमंत्री कहलनि जे सरकार कनेक्टिीविटी पर विशेष ध्यान दऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे राजगीर, सुल्तानगंज आ रक्सौल हवाई अड्डा के विकसित कयल जायत। संगहिं, भागलपुर, वाल्मिकीनगर, वीरपुर, मधुबनी, मुंगेर, सहरसा आ मुजफ्फरपुर हवाई अड्डा के उड़ान योजनाक अंतर्गत विकसित कयल जायत। ओ पूर्णियां एयरपोर्ट सँ अगिला तीन मास मे हवाई यातायात शुरू कयल जयबाक घोषणा कयलनि। वित्तमंत्री कहलनि जे वर्ष दू हजार सत्ताईस धरि सरकारक लक्ष्य लोक सभ के राज्यक कोनो क्षेत्र सँ चारि घंटाक भीतर राजधानी पटना पहुंचेबाक अछि। श्री चौधरी कहलनि जे सभ जिला मुख्यालय स्थित बस स्टैंडक आधुनिकीकरण कयल जायत। वित्तमंत्री कहलनि जे जाहि तीन सय अंठावन प्रखंड मे अंगीभूत राजकीय डिग्री महाविद्यालय नहि अछि ओतऽ सरकार अथवा निजी स्तर पर महाविद्यालय सभक स्थापना होयत। ओ अनुसूचित जाति–जनजाति आ पिछड़ा तथा अतिपिछड़ा वर्ग के देल जायबला प्री–मैट्रिक छात्रवृति के राशि दुगूना करबाक घोषणा कयलनि।

—————————————————

वित्तमंत्री कहलनि जे राज्य मे निवेश के प्रोत्साहन देबाक लेल नव औद्योगिक नीति दू हजार पच्चीस आनल जायत। संगहि ओ दिल्ली आ मुंबई के अलावे देशक प्रमुख शहर सभ मे बिहारक एकीकृत केन्द्रक स्थापना के घोषणा कयलनि। श्री चौधरी कहलनि जे राज्य मे निवेशक लेल इन्वेस्टमेंट आ प्रमोशन सेल के कार्यालय खोलल जायत। संगहि बिहार फाउडेशन कार्यालय के स्थापना कयल जायत। वित्तमंत्री कहलनि जे मौसम संबंधी आपदा के घटना के कम करबाक लेल सुदृढ़ आ

सक्षम मल्टी हैजार्ड अर्ली वार्निंग सिस्टम के अंतर्गत हाइब्रिड डॉप्लर वेदर रडार नेटवर्क के स्थापनाक प्रस्ताव अछि। पहिल चरण मे पश्चिम चंपराण आ भागलपुर जिला मे एकर स्थापना कयल जायत।

——————————————————

नेजा प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आम बजट के आलोचना कयलनि अछि। ओ कहलनि जे बजट मे किछु नव नहि अछि। श्री यादव कहलनि जे बजट मे रोजगारक कोनो चर्चा नहि अछि। ओ बजट मे विपक्ष के मांग के अनदेखा करबाक सेहो आरोप लगौलनि।

——————————————————

प्रदेश मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान सामान्य सँ उपर चलि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार उच्चतम तापमान अठाईस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस सँ बत्तीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस के मध्य रिकॉर्ड कयल गेल जे सामान्य सँ एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस बेसी अछि। ओतहि न्यूनतम तापमान सेहो दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस बेसी रिकॉर्ड कयल गेल।

——————————————————

समाप्त